# Naylul Awtaar (4)

Bismilaahi Rahmaani Rahiim.


Yaw mbokk mi, noo ngi lay xamal ne, lii ngay bëgg a jàng mooy ñenteelu xaaju Naylul Awtaar. Ci lanuy fas yéene tëj Téere bi. Li des ci tomb yépp nag, day jëm ci ñaan yu baax yi, di jëm ci ngëneel yi nekk ci naafila, tawféex gu rëy gi nekk ci woor ak defe ko ci weeri ngëneel yi. Su ko defe yiw wu bari dees na ko fi jëlle insàllaa.

Noo ngi sàkku ci yaw nga ñaanal Sëriñ Muntaxaa yàgg fi lool te wér, te am ndam ju rëy a rëy fa Seexul Xadiim. Ba tay na nga ñaanal Sëriñ Alhaaji Mbàkke Xaadimul Xadiim lépp lumu bëgg yal na ko am, te Yàlla sàmm ko biir ak biti, te musal ko ci wépp lor ci barkeb Sëriñ Suwaahibu radiya laahu anhu miy boroom Téere bi.


***

Ndegam dund gi dafa xat nakk war na ku ne muy farlu kéem kàttanam ci ndigal yi, tay teet tere yi lumu man, tay tuub lumu man. Lumu dégg ñu ne ku koy def ñu jéegal la mu koy def. Lumu dégg ñu ne ku koy wax ñu jéggal la mu koy wax. Lii nag maa ko àndi fii yokke ko Téere bi (Miftaaxul Xuyoob) ngir bëgg rekk képp ku bëgg jariñu man cee jariñu. Li ci ëpp mi ngi ci Téereb Sëriñ Suwaahibu bi ñuy wax « Naylul Awtaar fii maa tukaffiru bihi sunuubul awsaar ». Yal na Yàlla yokk i leeram te jéggal ñu ci barkeem.


71-Ku maye safara mel na ne saraxe na lépp lu ca ñore.




72- Ku wax "Subhaanal Xaaliqil baari, Subhaana laahil Hasiim wa bi hamdihi" 10i yoon sunu Boroom dana ko jox lu bët gisul, nopp déggu ko, toqul ci xelum mbindéef.



73- Ku wax "Subhaana man huwa fii huluwihi daanin wa fii dunuwihi haalin wa fii ishraa-qihi muniirun wa fii sultaanihi xawiyun  10i yoon bis bu nekk, mel na ne ku aj 40i aj.



كُوخْ سُبْحَانَ مَنْ هُوَ فِي عُلُوِّهِ دَانٍ
وَفِي دُنُوِّهِ عَالٍ وَفِي إِشْرَاقِهِ مُنِيرٌ
وَفِي سُلْطَانِهِ قَوِيٌّ ، فُكّ يُونْ بِسْ بُ نِكْ
مِلْنَ نِ كُ أَجْ فُكّ أَجْ


74- Ku wax "Subhaanal Xaadil akbari, Subhaanal Xaaliqil baari, Subhaanal Xaadiril Muxtadiri, Subhaana laahil Hasiim wa bi hamdihi" benn yoon bis bu nekk mel na ne ku goreel 1000 jaam.  Te sunu Boroom dana ko boole ak 1000 malaaka ñu koy watu ci wépp ñaawtéef.


كُوخْ سُبْحَانَ الْقَادِرِ الْأَكْبَرِ سُبْحَانَ
الْخَالِقِ الْبَارِئِ سُبْحَانَ الْقَادِرِ الْمُقْتَدِرِ سُبْحَانَ
اللهِ الْعَظِيمِ وَبِحَمْدِهِ ، بِنْ يُونْ بِسْ بُ
مِلْنَ نِ كُ غُرِمْلْ جُنَنْ جَامْ تِ سُنُ بُرُومْ
دَنَ كُ بُولِكْ جُنَنْ مَلَاكَ جُكُرْ وَتُ
جِ وِبْ ڹَاوْ تِيفْ

75- Ku wax ginnaaw ak nodd " Allaahuma rabbi hasihi dahwati tàmmati wa salaatil xaa-i-mati sali halaa sëyidinaa muhammadin wa halaa aalihi wa sahbihi wa ahti sëyidinaa Muhammadan salla laahu tahaala aleyhi wa salamal wa siilata wal fadiilata wa darajata rafiihata waabhas-hu maqaaman mahmuudan lasii wa had-sahu innaka laa tuxliful miihaada warda hannii riddan laa suxta bahdahu ", Yónnent bi salla laahu tahaala aleyhi bi aalihi wa sahbihi wa sallama moo lay rammu. Te sunu Boroom dana wuyu sag ñaan.


76- Yónnent bi salla laahu tahaala aleyhi bi aalihi wa sahbihi wa salama nee na ku jàpp ba noppi wax lii: " Ash-hadu an laa ilaaha ila laahu wahdahu laa sharika lahu wa ash-hadu ana muhammadan salla laahu aleyhi wa salama abdahu wa rasuuluhu. Allaahuma-jhalnii mina tawaabiina wajhalnii minal mutatahiriina wajhalnii min hibbaadika saalihiina xarabnii minal janati wa bahidnii mina naari", danañu ko ubbil wunti àjjana yépp.


كُ وَخْ كِنَاوْ أَكْ نُدْ اللهم رب هذه
الدعوة التامة والصلاة القائمة
صل على سيدنا محمد وعلى آله وصحبه
وأعط سيدنا محمدا صلى الله تعالى
عليه وسلم الوسيلة والفضيلة والدرجة
الرفيعة وابعثه مقاما محمودا الذي



وَكَعَ تُدْ اِنَّكَ لَا تُخْلِفُ الْمِيعَادَ وَارْضَ
عَنِّي رِضًى لَا سَخَطَ بَعْدَهُ لِي، يُنْنْتَبِ صَلَّى
اللَّهُ تَعَالَى عَلَيْهِ بِآلِهِ وَصَحْبِهِ وَسَلَّمَ
مُولَنْ وَرْمُ: تَغْشُبُرُومْ ءَ نَ وُنَ سَكْ جَلِي:
يُنْنْتَبِ صَلَّى اللَّهُ تَعَالَى عَلَيْهِ بِآلِهِ
وَصَحْبِهِ وَسَلَّمَ نَنَ كُجَبْ بَنْتْ وَخْلِي:
أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ
لَهُ وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ
عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ اللَّهُمَّ اجْعَلْنِي مِنَ التَّوَّابِينَ
وَاجْعَلْنِي مِنَ الْمُتَطَهِّرِينَ وَاجْعَلْنِي مِنْ
عِبَادِكَ الصَّالِحِينَ فَرِيبْنِ مِنَ الْجَنَّةِ وَبَعِيدْنِ
مِنَ النَّارِ، ءَ بُجْكَ اَبْلْ بَنْتْ اَجَنْ يِيْ:

*75 ak 76 moom ngay gis noonu ci ñaari xët yi nga weesu yaw mi koy bëgg a yër ci araab.


77- Yónnent bi salla laahu tahaala aleyhi bi aalihi wa sahbihi wa salama nee na: "ku jàpp, jàpp gu mat sëkk sunu Boroom jéggal la sa bàkkaar yu njëkk ak yu mujj"


يُنْنْتَبِ صَلَّى اللَّهُ تَعَالَى عَلَيْهِ بِآلِهِ
وَصَحْبِهِ وَسَلَّمَ نَنَ كُجَبْ جَبْ مَمَتْ سَكْ
سُنُ بُرُومْ جِغَلْ لَ سَ بَكَّارْ يُنْجَكْ اَكْ يُمُجّْ:


78- Yónnent bi salla laahu tahaala aleyhi bi aalihi wa sahbihi wa salama nee na ku jàpp ba noppi wax: "Subhaanaka laahuma wa bihamdika ash-hadu an laa ilaaha ilaa anta, astaxfiruka wa atuubu ilayka", dinañu ko bind fu wóor foo xam ne yàq àggu fa ba yawmal-xiyaam.




79- Yónnent bi salla laahu tahaala aleyhi bi aalihi wa sahbihi wa salama nee na ku tabax Jàkka ngir Yàlla, sunu Boroom tabaxal ko kër ca àjjana.




80- Yónnent bi salla laahu tahaala aleyhi bi aalihi wa sahbihi wa salama nee na bale Jàkka mooy canug jigéeni àjjana.




81- Yónnent bi salla laahu tahaala aleyhi bi aalihi wa sahbihi wa salama nee na ku saxal julli suba ak tàkkusaan tàbbi na àjjana.




82- Yónnent bi salla laahu tahaala aleyhi bi aalihi wa sahbihi wa salama nee na ku saxal 4 ràkkaa njëkk tisbaar ak 4 ràkkaa ginnaawam sunu Boroom araamal yaramam ca sawara.



يٌنّْتْبْ صَلَّى اللّٰهُ تَعَالَى عَلَيْهِ بِآلِهِ
وَصَحْبِهِ وَسَلَّمْ نٌ نَ كُ سَخَلْ جَنْتْ رَكَّا
جَكّْ تِسْبَارْ اَكْ جَنْتْ رَكَّا كِنَاوَمْ
سُنُبُرُومْ حَرَامَلْ يَرَمَمْ جَسَوَرَ

83- Yónnent bi salla laahu tahaala aleyhi bi aalihi wa sahbihi wa salama nee na ku saxal 4 ràkkaa njëkk tàkkusaan sunu Boroom xaraamal yaramam ca sawara, tabaxal ko kër ca àjjana, jéggal ko njéggl gu wóor.



يٌنّْتْبِ صَلَّى اللّٰهُ تَعَالَى عَلَيْهِ بِآلِهِ
وَصَحْبِهِ وَسَلَّمْ نٌ نَ كُ سَخَلْ جَنْتْ رَكَّا جَكّْ




84- Yónnent bi salla laahu tahaala aleyhi bi aalihi wa sahbihi wa salama nee na ku julli ginnaaw timis 6 ràkkaa yoo xam ne waxul ci seen diggante lu ñaaw mel na ne ku jaamu Yàlla 12i at, te bàkkaaram yépp dees na ko ko jéggal, donte dafa tool ne duusi géej gi.




85- Yónnent bi salla laahu tahaala aleyhi bi aalihi wa sahbihi wa salama nee na ku julli yoor-yoor ñaari ràkkaa, bu njëkk bi nga jàng ci Faatiha benn yoon ak aayaatul kursiyu 10i yoon, bu ñaareel bi Faatiha benn yoon ak Xul huwa laahu ahadun... 11i yoon yayoo na ngërëmal Yàlla lu mag la.







86- Yónnent bi salla laahu tahaala aleyhi bi aalihi wa sahbihi wa salama nee na ku wóor weeru Koor ngir gëm Yàlla ak sàkku tuyaaba sunu Boroom jéggal la sa bàkkaar yu njëkk ak yu mujj.




87- Yónnent bi salla laahu tahaala aleyhi bi aalihi wa sahbihi wa salama nee na ku woor weeru Koor toftal ca 6i fan ci weeru kori mel na ne woor na jamono jépp, te set na ciy bàkkaar ba mel ne bis ba ko ndayam jur.




88- Yónnent bi salla laahu tahaala aleyhi bi aalihi wa sahbihi wa salama nee na ku woor benn fan ci 10i fan yi njëkk ci tabaski mel na ne jaamu na Yàlla at mi yépp.




89-Yónnent bi salla laahu tahaala aleyhi bi aalihi wa sahbihi wa salama nee na woor bisub harafa mi ngi mel ne woor 10.000i at.


يُنْنْتْبِ صَلَّى اللَّهُ تَعَالَى عَلَيْهِ بِآلِهِ
وَصَحْبِهِ وَسَلَّمْ نَنِ وُورْ بِسُبْ حَرَفَ
مِڲِ مِلْ نِ وُورْ فُكِّ جُنِّ أَتْ :

90-Yónnent bi salla laahu tahaala aleyhi bi aalihi wa sahbihi wa salama nee na ku woor weeru Rajab, yayoo na ñatti yëf ci sunu Boroom. Bu njëkk bi mooy farug bàkkaaram yépp. Ñaareel bi mooy ag mucc li des cig dundam. Ñatteel bi mooy ñàkk a mar ëllëg.


يُنْنْتْبِ صَلَّى اللَّهُ تَعَالَى عَلَيْهِ بِآلِهِ
وَصَحْبِهِ وَسَلَّمْ نَنَ كُ وُورْ وِيرُ رَجَبْ، يَيُو نَ
ڃَتِّ يِفْ جِ سُنُ بُرُومْ : بُ ڃِكّْ بِ مُويْ فَرُڲْ
بَكَّارَمْ يِپّْ : ڃَارِيلْ بِ مُويْ أَڲْ مُچّْ لِ دِسْ
جِڲْ دُنْدَمْ : ڃَتِّيلْ بِ مُويْ ڃَكَّ مَرْ أَلِّڲْ :

91- Wax nañu ne ku woor benn fan ngir Yàlla sunu Boroom, bunu la joxoon suuf sépp muy wurus du tax mu matal sa tuyaaba yawmal-xiyaamati rekk lenn la koy fay.



Sunu Boroom mi nga xam ne moo xam lépp te moom lépp, te man lépp, te tëlewul dara laay ñaan ci barkeb Sëriñ Tuubaa Xaada lahu laahu maxtaara lahu mu jariñ ma ci Téere bi njariñ lu dul dog, lu kawe njort, jariñ ci mbooleem jullit yi.

Wa aaxiru dahweenaa anil hamdulilaahi rabbil haalamiina. Alhamdulilaahi lazii hadeenaa li hazaa wa maa kunnaa linahtadiya lawlaa an hadeenaa laahu.

Al-Habdul Xadiim, Lyon, 16/07/2020.